

# AKÒ POU KANPE EKSPILSYON ANNATANDAN RECHÈCH SOU OPSYON RANBOUSMAN REZONAB

Dat \_\_\_\_\_

Non Lokatè \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Vil, Eta, Kòd Postal \_\_\_\_\_

Anvan entwodiksyon akò sa a, Mèt Kay/Pwopriyetè a te bay Lokatè a pa mwayen lajistis yon preyavi 14 jou pou kite kay la poutèt li pa peye lwaye, nan respè lwa federal ak/oswa egzijans finansman oswa politik Vil la, men li te dakò pou pa kontinye pwosedi atravè depo yon aksyon an refere kont lokatè a, oswa pou evalye lokatè a apati nenpòt frè reta oswa rapò kredi negatif poutèt yon lwaye ki pa peye, baze sou bagay sa yo:

## 1. Lokatè a Pral Peye Lwaye Ankou a Anplen

Lokatè a pral peye lokasyon/itilizasyon ak okipasyon ankou a, **ki tabli pou kounye a a \_\_\_\_\_ \$/mwa**, k ap dwe pou pi ta 5<sup>yèm</sup> jou chak mwa, apati mwa ki apre siyati dokiman sa a. Si lokatè a nan mitan yon pwosedi resètifikasyon anyèl oswa entèmedyè, epi li panse lwaye li a pral desann, dat efektif peman an gen dwa kapab retade jiskaske Mèt Kay la bay Lokatè a yon avi alekri ki di kisa nouvo montan an ye.

## 2. Lokatè a Pral Aplike pou Pwogram Asistans Finansyè pou Peye Balans Ki Dwe a

Lokatè a pral aplike pou epi bay enfòmasyon avèk nenpòt pwogram asistans lwaye ki mande sa epi ki ta kapab ede lokatè a peye **balans ki dwe a, ki pou kounye a tabli a \_\_\_\_\_ \$/mwa**. Mèt Kay la dwe koopere nan bay enfòmasyon sa yo epi nan egzekite fòm sa yo jan sa gen dwa nesèsè pou jwenn peman lwaye anreta. Nenpòt peman, sepandan, dwe aplike pou peye lwaye anreta yo san tabli yon nouvo kontra lokasyon oswa san renonse avèk dwa pwopriyetè a genyen pou li fè yon ekspilsyon si lokatè a pa kapab peye tout balans la atravè yon konbinezon fon pwòp Lokatè a epi asistans ki disponib pou Lokatè a atravè lòt sous.

## 3. Si Lokatè a Pa Aplike pou Asistans Finansyè nan 30 Jou, Montan Ranbousman an Pral Ogmante

Si, nan yon peryòd 30 jou apre siyati akò sa a, Lokatè a pa jwenn angajman asistans pou peye balans ki dwe a, Lokatè a dwe peye \_\_\_\_\_ \$/mwa sou balans ki rete a apati mwa apre ekspirasyon 30 jou yo. Yo detèmine montan sa a pou li pa depase 10% revni ajiste lokatè a. Yo modifiye montan sa a si revni Lokatè a desann 10% oswa plis pi ba apres. Kondisyon sa a pa afekte kalifikasyon Lokatè a pou jwenn asistans lwaye nan pwogram yo, ni tou obligasyon Lokatè ak Mèt Kay la genyen pou koopere nan bay enfòmasyon ak dokiman nesèsè pou apwobasyon peman asistans lwaye.

#### **4. Mèt Kay la Dakò pou Bay Dokiman yo Mande avèk Tout Òganizasyon Asistans Finansyè k ap Eseye Ranbouse Balans la**

Mèt Kay la dwe koopere avèk Lokatè a epi nenpòt pwogram oswa ajans k ap bay Lokatè a yon asistans finansyè pou detèmine si yo te evalye balans ki dwe a kòm sadwa epi si yo te kredite peman Lokatè a te fè yo kòm sadwa. Mèt Kay la dwe bay aksè avèk gran liv kontab konpreyansif epi lòt enfòmasyon sou peman, si sa nesèsè. Yo dakò, de tanzantan, kesyon sou jan yo fikse ak ajiste lwaye yo dwe diskite avèk yon ajans sibvansyon men pa avèk Mèt Kay la, men Mèt Kay la dakò pou koopere nan nenpòt jefò pou jwenn enfòmasyon oswa ajisteman nan men ajans sibvansyon an. Mèt Kay la dakò pou fè ajisteman ki nesèsè nan balans la pou respekte règ pwogram la oswa egzijans kontra lokasyon an, epi pou montre avèk prezizyon peman lokatè a oswa ajisteman sibvansyon yo.

#### **5. Akò sa a Pa Entèdi Renegosyasyon Baze sou Reklamasyon Adisyonèl**

Nan ka kote Lokatè a sètifye pa genyen reklamasyon ki ta dwe konpanse parapò avèk balans ki dwe a (ki diferan de sa ki dwe pou ajisteman lwaye oswa sibvansyon oswa pou kredi peman), pati yo gen dwa negosye yon rediksyon balans ki dwe a an echanj avèk yon liberasyon reklamasyon sa yo. Pati yo gen dwa sèvi avèk Depatman Espesyalis Lojman (Housing Specialist Department) nan Tribinal Lojman (Housing Court) lan si sa kapab ede yo jwenn yon solisyon jis pou reklamasyon sa yo.

#### **6. Mèt Kay la Gen Dwa Angaje yon Pwosedan An Refere si Lokatè a Pa Konfòme Li nan 60 Jou**

Si li parèt aklè, nan 60 jou apre siyati akò sa a, swa Lokatè a pa p koopere nan bay enfòmasyon nesèsè pou asistans lwaye anreta, ak/oswa li pa peye itilizasyon ak okipasyon ankou yo epi lwaye anreta ki egzijib selon paragaf 3 a, swa malgre kooperasyon epi jefò peman Lokatè a, sanble balans ki rete a pa p peye nan yon delè rezonab pou pi piti [REDACTED] mwa, alòs Mèt Kay la lib pou li angaje yon pwosedan an refere kont Lokatè a. Lokatè a gen dwa, sepandan, fè valwa defans ak reklamasyon nan kad aksyon sa a, epi pati yo pral kontinye chèche, atravè medyasyon, si genyen yon fòm règleman ki ta kapab mennen nan kenbe kontra lokasyon a nan kondisyon rezonab tou de pati yo ta dwe kapab respekte.

#### **7. Lokatè a Gen Dwa Kontakte Biwo Establi nan Lojman (Office of Housing Stability) nan Boston pou Asistans Adisyonèl**

Si Lokatè a panse Mèt Kay la pa p koopere nan bay enfòmasyon oswa fòm nesèsè pou asistans avèk reta nan peman lwaye, oswa pa p koopere nan fè ajisteman ki nesèsè nan balans la oswa ankò nan obligasyon selon akò sa a, Lokatè a gen dwa chèche èd nan Biwo Establi nan Lojman (Office of Housing Stability, OHS), epi Mèt Kay la dakò pou angaje li avèk reprezantan Biwo sa a ak bònfwat pou eseye rezoud pwoblèm sa yo. OHS gen dwa ede pati yo tou nan genyen aksè avèk lang oswa lòt sèvis ki gen dwa ede yo rezoud pwoblèm parapò avèk akò a.

#### **8. Anyen nan Akò sa a pa pral afekte dwa pati yo pou entante yon aksyon an jistis oswa administrativ sou lòt kesyon ki ta parèt parapò avèk lokasyon a.**

Lokatè

Mèt Kay